



Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri Timoun yo la! Sèvi ak lajan sibvansyon sa a pou fè amelyorasyon nan pwogram ou an oswa ede li refè anba ijans sante piblik COVID-19 la.

Sibvansyon sa yo se yon investisman istorik nan domèn gadri timoun. Pwofite opòtinite inik sa a epi aplike!

## Opsyon: Pèman Lwaye oswa Ipotèk, Sèvis Piblik, Etablisman, oswa Asirans

Sèvi ak lajan sibvansyon nan opsyon sa a pou peye pou bagay tankou:

- Lwe oswa fè peman sou nenpòt obligasyon ipotèk
- Fakti sèvis piblik biznis ou a (chofaj, elektrik, telefòn, sèvis Wi-Fi, elatriye)
- Asirans responsablite ak/oswa aksidan, asirans transpò, asirans pou mèt kay, asirans biznis, elatriye.
- Frè reta oswa chaj pou peman anreta

## Pa bliye dokimante!

- Ou pa bezwen voye resi oswa fakti, men ou **DWE** dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon ou an.
- Ou dwe kenbe resi ou yo ak dokiman dosye a, nan yon katab oswa yon fason elektwonik, pou omwen senk (5) lane.

## Ki kote mwen dwe ale pou aplikasyon an, pou plis enfòmasyon, ak mizajou?

- Sit Entènèt Sant Èd Estabilizasyon an (aplikasyon/vidyo sou entènèt ki dekri tout 8 opsyon yo): [ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/](https://ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/)
- Ajans lokal Resous ak Referans sou zafè Gadri Timoun ou an: [ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php](https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php)
- Sosyete Lojman ak Devlopman Ekonomik pou Fanm: [whedco.org](https://whedco.org)
- Ajans enskripsyon w lan (Enrollment Agency, EA)
- Reprezantan sendika w la